ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩІКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№17 (23.675) ● 2018 гъэм мазаем (февралым) и 6, гъубж ● И уасэр зы тумэнщ

● КЪБР-м и Парламентым

ЗэфІагъэкІынухэр мащІэкъым

КЪБР-м и хабзэубзыху ІэнатІэм щызэІущІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэрэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат, Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкІэ Къэрал Думэм и комитетым и унафэщІым и къуэдзэ Марьяш Иринэрэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪБР-м и Парламентым и вице-спикер **Жанатаев Сэлим**, ЗаконодательствэмкІэ, къэрал ухуэкІэмкІэ, щІыпІэ самоуправленэмкІэ Парламентым и комитетым и унафэщІ **Мэлбахъуэ Борисрэ** абы и къуэдзэ **Джэш Хъэсэнрэ**, ЩэнхабзэмкІэ, жылагъэ зэгухьэныгъэхэм зегъэужьыныкІэ, хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ комитетым и унафэщІ **Пащты Борис**, Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмкІэ, узыншагъэр хъумэныкІэ комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хъусен**, КЪБР-м и Парламентым и Аппаратым и унафэщІ **ФочышІэ Натальерэ** абы и къуэдзэ **Хьэмыкъуэ Аслъэнрэ**.

Ахэр тепсэлъыхьащ Щэрдэн гъущІ гъэзэгу станцымрэ а цІэ дыдэр зезыхьэ къуэжэмрэ я статусыр гъэбелджылын, ар Росреестрым хэту ЩІыпІэцІэхэм я къэрал каталогым хегъэтэхэн зэрыхуейм, ЛэжьыгъэмкІэ, социальнэ политикэмкІэ, ветеранхэм я ІэхэухэмкІэ Къэрал Думэм и комитетым и зэІущІэ Къэрэдей-Балъкъэрым къыхэзыщІэзэрагъэпэщыну щыкІэм, нэгъуэщІхэми.

Парламентархэм зи гугъу ящІа Іэхэугъуэхэм ящыщщ «УФ-м и щІыналъхэм щыІэ Жылагъуэ палатэхэм я лэжьыгъэмрэ абы и кьыззэгъэпэщыкІэмрэ теухуауэ» Федеральнэ законым и 8-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ зэлхъэнымк теухуауэ» федеральнэ законым и проектыр, хабзэубзыху жэрдэм папщІэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм кьихІухьар.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ фІыщІэ хуищІащ Къэрал Думэм и депутат Марьяш Иринэ къаззэрыхуеблэгъам, купщІафІэу къаззэрыдэлажьэм папщІэ, икІи къыхалъхьа ІэхэугъуэхэмкІэ жэуап зыхь комитетхэм щІэрыль ящищІащ зи гугъу ящІахэр зэфІэгъэкІа зэрыхъунымк елэжьыну.

ЗэІущІэм хэтахэр тепсэлъыхьащ Къэрал Думэмрэ КЪБР-м и Парламентымрэ я кьалэнхэм хиубыдэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэми.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

АЗЫЧЭ Светланэ:

Егъэджэныгъэ ІэнатІэм республикэм зыщеужь

КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкі, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ Азычэ Светланэ дэ зыхуэдгъэзащ илъэс кІуам зэфІагъэкІа лэжьыгъэм, хабзэубзыху Іуэхуэхэр зэрекІуэкІым, 2018 гъэм я мурадхэм тедгъэпсэлъыхьыну.



- Светланэ, узиунафэщІ комитетым 2017 гъэм хуэзфІэкІам и гугъу къытхуэпщІамэ ди гуапэт.

- Парламентым нэгъабэ кьищтащ егъэджэныгъэм теухуа законопроект зыбжанэ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейт, сабий зеинщэхэмрэ адэ-анэм я нэІэ щІэмыту кьэна сабийхэмрэ щІэныгъэ зрагъэгъуэтыныкІэ яІэ хуитыныгъэхэр кьыщыгъэлъэгъуа законхэр нэхъыфІ щІыным и Іэхуэкіэ ди комитетыр «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу сабий зеинщэхэмрэ адэ-анэм я нэІэ щІэмыту кьэна сабийхэмрэ къэралыр ядэІэпкъуныкІэ щыІэ щэсыпІэхэм дэщІыгъуэхьпхъэхэм теухуауэ» КЪБР-м и Законым и 4-нэ статьям кьару имыІэжу кьэльытэн», «Егъэджэныгъэм теухуауэ» КЪБР-м и законым зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» законопроектэм елэжьри ящыщу а зым фІэкІа имыІаУэ) зыфІэкІуэда сабийхэм щІэныгъэ зрагъэгъуэтыну яІэ хуитыныгъэхэмкІэ щэсыпІэ яІэнырщ.

Депутатхэм я пщэрыльхэр гъэзэщІа зэрыхъум я гугъу пщІымэ, дэ едгъэкІуэкІащ комитетым и зэІущІэ зэІуха зыбжанэ, «правительствэм и сыкьэт»-кІэ зэджэ зэхуэсхэр, «стІол хъурейхэр». Абыхэм ящыщ зыбжанэм щхьэхуэу сыкьетуеныІэну сыхуейт.

Псалъэм папщІэ, ди комитетым и жэрдэмкІэ нэгъабэ екІуэкІащ афиныным ебэныным, ар егъэджэныгъэм пыщІа Іуэхущ Іапі э республикэм итхэм щыізэрамыхьэным теухуа зэІущІэхэр. Псалъэмакъэхэр теухуауэ щытащ сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ афиныкІэ къахэзыхьэхэм зэрапэщІэтыну щыкІэхэм, а гуэвэгъуэр зыпІэІэсаэхэм ядэІэпкъуныкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм, кьыдэкІуэтэй щІэблэр афиныным щыхъуэныр зи кьалэн къэрал Іуэхущ Іапі эхэм хуэгъэза чэнджэщхэм, зи гугъу ящІым теухуауэ мыхьэнэ пыухыкІа зиІэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

№17 (23.675) ● 2018 гъэм мазаем (февралым) и 6, гъубж ● И уасэр зы тумэнщ

Къэблагъэ хэхыныгъэхэм топсэлъыхь

● ЗэІущІэхэр

«КЪБР-м и муниципальнэ щІыналъхэм я совет» зэгухьэныгъэм и правленэмрэ (АСМО КБР) ЩІыпІэ самоуправленэм и урысейпсо советым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ бюромрэ я лІыкІуэхэм я зэІущІэ мазаем и 1-м щыІащ. Ар ирегъэкІуэкІащ «КЪБР-м и муниципальнэ щІыналъхэм я совет» зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщІ Пэнагуэ Максим.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ **Сэрбаш Светланэ**, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуэжей Артём**, КЪБР-м и Парламентым Законодательствэмкіэ, къэрал ухуэкІэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и комитетым и унафэщІ и къуэдзэ **Джэш Хъэсэн**, кьалэ округэмрэ районхэмрэ я щІыпІэ Администрацэхэм я унафэщІхэр, нэгъуэщІхэри.

2018 гъэм гъатхэпэм и 18-м екІуэкІыну УФ-м и Президент хэхыныгъэхэм зыхуэзгъэхъэзырыныкІэ щІыпІэ самоуправленэм и органхэр республикэм и хэхакІуэ комиссэкэм зэрадзлажьэм теухуауэ зэІущІэм кьыщыпсэлъащ КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и къуэдзэ **Джаппуев Мусэ**.

Абы зэрыжиІамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым хэхыныгъэхэр щекІуэкІыну щІыпІэ 354-рэ кьыщызэрагъэпэщынущ, абыхэм щылэжьынущ Іэщ1агъэлІ мини 3-м щІигу.

- Мы зэманым район щІыпІэ администрацэхэр ди дэІепкъуэгъуу, хэхыныгъэхэр зэрекІуэкІынум теухуа хъыбарегъащІэхэр кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ яльыдогъэІэс. Кьыхэзгъэщыну сыхуейт, Іэ щалІэтыну щІыпІэ 272-м хэхыныгъэхэр зэрыщекІуэкІым Интернеткіэ зэрыщыкІэлъэпльпльфынур, - жиІащ Джаппуевым. - Мы гъэм япэу кьэдгъэсэбэпынущ зэрыхах бюллетенхэр кьэзэпщытэну комплексэр. Апхуэдэу 44-рэ кьыгъэрыхьащ, 42-р видеокамерэкІэ кьыкъэмыгъэпэща щІыпІэхэм тедгъэшэнущ. Абы кьегъэльагъуэ хэхыныгъэхэр хьэрэмыгъэншэу кьыкъэдгъэпэщыну дызэрыхьэкъур.

Кьэпсэльаэм кьызэрыхигъэщамкІэ, щІыпІэ щылэм и 31-м кьыщыщІэдзауэ хэхыныгъэхэр щекІуэкІыну щІыпІэ 13-мрэ Кьалэн куэд щагъэзащІэ центрхэмрэ кьыщызэІуахащ щІыхьр и лэжьыгъэкІэ е нэгъуэщІ щхьэусыгъуэкІэ здэщыІэну щІыпІэм Іэ щІэтыну зэрыхуеймкІэ тхыгъэхэр зыІэрагъахьэ хъуну пунктхэр. Псалъэм папщІэ, апхуэдэ тхыгъэу 17 къатагъэхэщ.

Джаппуев Мусэ къытеувыІащ Президент хэхыныгъэхэр щекІуэкІ махуэм зи узыншагъэм сэкъат иІэхэр Іэлэтым хэтыфын папщІэ кабинэ щхьэхуэхэр зэрыщагъэувынум, зи нэм фІыуэ имыльагъуэхэм трафаретхэр зэрыхуагъэхъэзырынум. КьыщынэмыщІауэ, хэхыныгъэхэр щекІуэкІ щІыпІэм емыкІуэлІофхэм я деж я лэжьакІуэхэм щыщ ягъэкІуэнущ.

ЗэІущІэм хэтхэр щІэупщІащ МЧС-м и Іэнатіэхэм кьэхъуэкъащІэ шынагъуэ щыІэнкІэ зэрыхъунур щІыхуэхэм я телефон номерхэмкІэ кьызэрыгъащІэм хуэдэу, хэхыныгъэхэр зэрекІуэкІынум и хъыбарыр апхуэдэ Іэмалкіэ хэІущІыІу ящІ хъун-мыхъуным. «Абы теухуауэ Урысейм и Іэхэакіуэ комиссэм депсэльаэуэ щытащ, ауэ ар Іуэху тынШкъым. Щ1ыхуэхэм я номерхэр зэрыт базэ хэха щыІэщи, хабзэмкІэ ахэр кьэзыгъэсэбэпыну хуит ищІыр Кьэхъуакъащ шынагъуэхэмкІэ министерствэращ», - жиІащ Джаппуевым.

«КЪБР-м и муниципальнэ щІыналъхэм я совет» зэгухьэныгъэм и правленэм и гъэзэщІакІуэ унафэщІ **Маслов Николай** район щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр кьыхуриджащ хэхыныгъэхэм цІыхуэхэр кьЕ-щэІпІэнаІэ нэхъ жыджэру пЫтыну, апхуэдэуи яжриІащ Іэ щаІэтыну щІыпІэхэр зыхуэй хуэгъэзэным, гуфІэгъэ зэхьхьэхэр кьызэрызэрагъэпэщІыным зэрызыхуагъэхьэзырыпхъэр зыщамыгъэгъупщэну.

- Дуней псор кІэльыпльпхуэщ Урысейм Президент хэхыныгъэхэр зэрыщекІуэкІым. ДыщІэкІыІэтэн мы Іуэхум кьыхэкІ хъунукъым. Хабзэр ди тегъэщІапІэу, ныкъусаныгъэ дызэримыІэным дыхущІэкъун хуейщ. Щ1ыпІэхэр зэІуэпэщ щІыным кьыщегъэжьауэ, щІыхуэмэи пэжыгъэ ядегъэкІуэкІыпхъэщ. Лажьэри ІэнатІэ Іуныгри зэхуэдэу Іуэхум зэпымыууэ щыгъуаззу щытыпхъэщ. Нэхъапэкіэ кьуажэм І1э зыІэтар процент 99,9-рэ хъуамэ, къэт зы цІыхур кьалъыхъужму щытащ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІщ иджыпстуи диІэн хуейр, - жиІащ Пэнагуэ Максим.

КЪБР-м и муниципальнэ щІыналъхэм я акт щхьэхуэхэм я щытыкІэм зэІущІэм щэлІэнаІэ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Управленэм и унафэщІ **Мэкъуауэ Аслъэн**.

ЗэІущІэм и кІэм яубзыхуащ «КЪБР-м и муниципальнэ щІыналъхэм я совет» зэгухьэныгъэм и правленэмрэ (АСМО КБР) ЩІыпІэ самоуправленэм и урысейпсо советым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ бюромрэ 2018 гъэм зэлэжьныхэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Ухуэныгъэщ1эхэр

Федеральнэ программэ хэхам хохьэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр Щ1ощ1энщІыкІу Мурат «Интерфакс-Юг» агентствэм хъыбар зэрыригъэщІамкІэ, «Псы хущ-хъуэхэр» зи фІэщыгъэ бальнеологие зыгъэпсэхуэнІэщІэ щ1ауэхэ Налшык къалэ и Іэгъуэблагъэм.

«БЕЛЭ Речкэ къуажэм пэгъунэгъуу къыщыщІэж псы хущхъуэхэм деж сочет лъэхъэнэхэм щыІэ курортыр зэрызэфІагъэувэжыр щапхъэфІщ зыгъэпсэхуэнІэхэр зэгъэпэщыкІыным, щІэхэр ухуэным щхьэ закъуэ хьэрычэтыщІэхэм я мыльку дяпэкІи халъхьанымкІэ. Іуэхущ Іапі эщІэм и лэжьэкІэр нэхъыбэу зытеуухуауэ щытынур сероводород пкъыгъуэхэр зыхэт щІыщІагъыпсхэр бальнеологие еІэзэкІэм къыщыгъэсэбэпынырщ», - жиІащ Щ1ощ1энщІыкІу Мурат.

Министрым къызэрыхигъэщамкІэ, зыгъэпсэхуэнІэщІэм зэуэ цІыху 230-м щеІэзэфынущ.

«Дэтхэнэ зы бизнес-проектми хуэгъэзащ, зи гугъу тщІы Іуэхущ Іапі эр кьыззэзыгъэпэщхэм абы и лэжьэкІэр зэрызэтраухуэнур и щхьэр зэрипІэжыфын Іэмалхэм тетущ. Ауэ, итІани, дэ дызэрепльымкІэ, уасэхэр зэрагъэувын хуейр щІыхуэхэм я нэхъыбапІэм къатемыхьэлъэуущ. Ар и зы щхьэусыгъуэщ властым щыщхэр санаторэр зыхуэхэсам иджыпсту щегъэжьауэ зэпсэльэныгъэхэр щІадедгъэкІуэкІым», - дыщІигъужащ и псалъэм Щ1ощ1энщІыкІу Мурат.

«Псы хущхъуэхэр» зыгъэпсэхуэнІэр «УФ-м къэрал кІуэцІ, къэрал щІыб туризмэм зыщегъэужьын (2011 - 2018 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам хьхьэу зэфІагъэувэ «Зэрэгъыж» автотурист кластерым и зы Іыкъщ. А зэгухьэныгъэм хеубыдэ Налшык къалэ, Шаджэм, Шэрэдж щІыналъхэм я турист Іуэхущ Іапі эщІэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщу зыгъэпсэхуакІуэхэм кІуэн щІадзащ Шэрэдж районым и «Уштулу» щакІуэ пщІанТІэмрэ «Караван» зи фІэщыгъэ хьэщІэщымрэ.

Дызэрыщыгъуаззщи, мы зэманым зэфІагъэувэ «Налшык Ищхъэрэ», «Налшык ИщІэ» къалэн куэд зыгъэхъащІэ комплексэр. Абыхэм яхэтынущ автовокзал, турист-хъыбарегъащІэ, сату-нэгузэгъэужьыпІэ центрхэр, автомашинэхэм щакІэльыпльпІ техникэ станцэр, нэгъуэщІхэри.

Зи гугъу тщІы проектым хьихьэу мы зэманым ирихьэлІэу зэрагъэпэщыжащ Аушыджэр щ1ыщІагъыпс хуабэм и къыщІэжьыІэмрэ Ищэ Хьжьей ЩхьэантІэмрэ уабгъэдэзышэ автомобиль гъэгъуэгъэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Иджы тыркубзэкІэ

Тхакіуэ, щІэныгъэлІ МафІэдз Сэрэбий и «Адыгэ хабзэ» тхылъыр иджы тыркубзэкІэ дунейм кьытехьащ. Ди лъэпкъэгъуэм я лъэІыкІэ ар кьыдагъэкІыжри, лъэтеувэ пшыхьи Истамбыл щрагъэкІуэкІащ. Адыгэм и напщІэ телъу, нэгъуэщІ лъэпкъ куэдым кьарихэщу иІэ хабзэр дэнэ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я дежкІэ хуабжьу сэбэп хъунущ. Хэхэс адыгэхэм зи бзэкІэ кьемыджэф куэд зэрахэтыр кьэпльпльэмэ, мыр тыркубзэкІэ зэрызэрадзэкІам, мыхьэнэ нэхъыбэ иІэну кьыщІэкІынщ. Апхуэдэ гупсысэхэмкІэ кьыддэгуэшащ Тыркум щыпсэу адыгэхэр.



НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

(Фыкъеджэ 3-нэ напэкІуэцІым).

Мы махуэхэм

Мазаем и 6, гъубж

♦ЩІыхуэбзэхэм я узыншагъэм зэран хуэхъу операцэхэр емыгъэкІуэкІыным и дунейпсо махуэщ

♦Таджикистаным щагъэлъапІэ милицэм и махуэр

♦1936 гъэм Гармиш-Партенкирхен кьалэм (Германие) кьыщызэІуахащ IV щІымахуэ Олимп Джэгуэхэр. Ахэр мазаем и 16 пщІондэ екІуэкІащ.

♦1968 гъэм Гренобль кьалэм (Франджы) кьыщызэІуахащ X щІымахуэ Олимп Джэгуэхэр. Ахэр кьызэІуихат а къэралым и президент Шарль де Голль. Джэгуэхэр мазаем и 18-м зэхуащІыжащ.

♦1918 гъэм Урысейр григориан махуэзэпсым зэрыхуэкІуэм теухуа декрет кьыдэкІащ.

♦1930 гъэм Совет Армэм и академическэ театр нэхъыщхьэр кьызэІуахащ. Иджыпсту ар Урысейдэм и академическэ театр нэхъыщхьэщ.

♦1935 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблым Советхэм я VII съездым и делегатхэм папщІэ Москва и Театр Иным концерт щитащ.

♦США-м и 40-нэ президент (1981 - 1989 гъэхэм тетащ а кьулыкъым) **Рейган Рональд** кьызэралъхьэ илъэсыр 107-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м и цІыхуэбз артисткэ **Тамазэ Маржэнэт** кьызэралъхьэрэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦СССР-м узыншагъэр хъумэныкІэ и отличник, КЪБР-м и цІыхубз докутыр **Тембот Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Урысей продюсер, композитор, «Любэ», «Иванушки Интернэшнл», «Корни», «Фабрика» уэрэджьІакІуэ гуп цІэрыІуэхэр кьызэзыгъэпэща, УФ-м гъэздэжхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Матвиенкэ Игорь** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Журналист, продюсер, «Ямэ канал» телекомпаниим и генеральнэ унафэщІ **Эрнст Константин** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакІуэ, журналист, дохутыр **ПщІыукІ Латмир** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыжьІ, Налшык уфаУэ, кьешх-кьесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2, жэщым щІыІэр градуси 3 - 1 щыхъунущ.

Мазаем и 7, бэрэжьей

♦Тэтэрстан Республикэм и Гербым и махуэщ

♦Гренадэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - щхьэхуит зэрыхьуар (1974 гъэм) егъэлъапІэ

♦1795 гъэм Хаджибей кхъухь тедзапІэм и цІэр Одессэ зэрахьуэкІащ.

♦1893 гъэм США-м щыщ инженер Крей Алан мафІэсыр зэрагъэнкІыфІ Іэмэпсымэ кьызэригупсысам щыхьэт техьуэ дэфтэр иратащ.

♦1965 гъэм США-м щыщ боксёр щІэрыІуэ Кэй Кассиус мусЛъымэн диныр кьищтащ, иджыпсту дунейм кьызэрыщащІыжр Мохаммед Али цІэри кьыфІащауэ щытащ.

♦1981 гъэм Ленинград деж кьыщехуэхащ Ту-104 кхъухьлъатэр. Абы исащ СССР-м и хы Хуэм флотым и унафэщІ псори. ХэкІуэда цІыху 52-м ящыщу 16-р адмиралрэ генералрэ, ятэ рангым и капитанхэр тІощІым нэблагъэрт. Къэралым и дежкІэ ар икъукІэ хэщІыныгъэшхуэт - тенджызым къулыкъу щызыщІэ апхуэдиз дзэ унафэщІ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм хэкІуэдатэкъым.

♦1998 гъэм Наганэ къалэм (Японие) кьыщызэІуахащ XVIII ЩІымахуэ Олимп Джэгуэхэр. Абы щыгъуэщ Олимп Джэгуэхэм снуоборд-дыкІэ зэпеуэхэри щыкІагъэхьар. Олимпиадэр мазаем и 22 пщІондэ екІуэкІащ.

♦1999 гъэм Иорданием и пащтыхь хъуащ Абдалла ЕтІуанэр.

♦2014 гъэм Сочэ хэкІуэм (Урысей Федерацэ) кьыщызэІуахащ XXII ЩІымахуэ Олимп Джэгуэхэр. Ди къэралым нэхъапэм ЩІымахуэ Олимпиадэр зэи щекІуэкІатэкъым. Джэгуэхэр мазаем и 23-м зэхуащІыжащ.

♦1855 гъэм Курилэмрэ Сахалинрэ зэхуэгуэшыным теухуа урыс-ябон зэгурыІуэныгъэм Іэ традзащ.

♦КЪБР-м и цІыхубз артист Ашуров Танахум кьызэралъхьэрэ илъэси 128-рэ ирокъу.

♦Совет авиаконструктор, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, академик, Социалист Лъжьыгъэм и Лыхъжь **Антонов Олег** кьызэралъхьэрэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и член-корреспондент **Бэлагъы Любовь** илъэс 50 ирокъу.

♦Урысей уэрэджьІакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Цой Анитэ** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытыжьІ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щІыІэр градуси 3 - 1 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Абыкъу Данэ псоми ятокІуэ

● Щ1эблэ зэчнифЬ

Ди къэралым и щыхьэр Москва щэбэт кІуам, мазаем и 3-м, щекІуэкІащ Ментальнэ арифметикэмкІэ етІуанэ Урысейпсо зэпеуэхэр. Абы хэтащ «ALOHA Mental Arithmetic» дунейпсо программэм щыгъуазэ, абыкІэ зызыгъасэ математик ныбжьыщІэу 200-м щІигу. Москва ирагъэблэгъахэм, ди гуапэ зэрыхъущи, яхэхуащ ди республикэм щыщу щыІэу 18.

ТекІуэныгъэм и музейм кьыщызэрагъэпэща зэхьэзэхуэм хэт ныбжьыщІэхэм кьапэщІыпІт дакьикьхэ 5-м кьриубыдэу арифметикэ лэжьыгъэ 70 ящыжьыну. Ауэ щыхъукІи, есэпыр щащІкІэ, абыхэм кьагъэсэбэп хьунутэкъым тхылъымпІи, ручки, зэрыбжэ Іэмэпсымэ гуэри. НыбжьыщІэхэм есэпыр зэращІыр гукІэщ, Іэпэкіэщ, хуей хъумэ, Іэпэ счёт (абакус) кьагъэсэбэпу аращ. Абыхэм бжыгъэхэр зэхалъхьэн, зэхахын, ягъэбзагъуэн, ягуэшын хуейт.

Зэпеуэм кьигъуэв а кьалэн псоми ехьулІэныгъэ иІэу пэлъэщащ ментальнэ арифметикэм зэрыщІыкІыр дихьэх Абыкъу Данэ. Ар Налшык дэт гимназие №14-м и 2-нэ классым щоджэ. ЦІыхум и акъылымрэ бгъэдэлъ творческэ зэфІэкІымрэ есэпкІэ зезыгъэужь а программэр кьэзыгъэЛъырыщІэфхэм я щыналъэпсо зэпеуэм япэщыкІэ хэтащ Данэ. Хъыджэбз Іущыщ цІыкІыр абы пашэ щыхъуахэм яхэхуащ, кьихьыпхъэ балли 100-м щыщу 99-рэ зыІэригъэхьэфри. ЕсэпымкІэ апхуэдэ зэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъ Данэ кьэралпсо зэпеуэм кІуэну гупым хагъэхьащ икІи ди республикэм и щыхьэр Москва щІэтащ. Пащащ цІыкІыр урысейпсо зэпеуэм жыджэру хэта кьудейкьым, атІэ зыхэта гупым (сабийхэр гуэшауэ щытащ я ныбжьэр «ALOHA Mental Arithmetic» программэмкІэ здынэса лъагаІэпІэмрэ елъытауэ) япэ уяІэпэр кьыщихьащ. А текІуэныгъэм и щыхьэту Данэ кьыхуагъэфэщащ «ALOHA Mental Arithmetic» дунейпсо зэгухьэныгъэм и дамыгъэрэ щыхь тхылъэр.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, «ALOHA Mental Arithmetic» зэгухьэныгъэм и кьудамэхэр щолажьэ дунейм и къэрал 40-м нэсым. Ижь-ижьыж лъэхъэнэхэм Японием кьыщызэрагъэпэщауэ щыта щІэныгъэ унэтІыныгъэм лІыщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм зиІэтыжащ икІи дуней псом щызэбгрыкІащ. Абы гъащІэщІэ ешІэтыжу щІэрыІуэгъэ кьыхуэзэпсыхьажа По Мун Сун жылагъуэр зэрыхуеджэ 2018 гъэм Москва щригъэкІуэкІыну дунейпсо зэпеуэм хэтыну. Абы ягъэкІуэнущ Урысей Федерацэм и цІыхухэр «ALOHA Mental Arithmetic» зэпеуэхэм кьыхэжаныкІахэр. Нэгъабэрей апхуэдэ зэхьэзэхуэу Малайзием щекІуэкІам хэтащ ди къэралым щыщу цІыхуи 7. Ди гуапэ зэрыхъущи, дэтхэнэми абы кьыщыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапІэхэмрэ кубокхэмрэ.

Ди лъахэгъу адыгэ пщащэ цІыкІым дохъуэхъу и иджырей текІуэныгъэмкІэ. Данэ дахэ, ноби хуэдэу дунейр уи кьыщыгъуэу, Мэлыыпхъу и щІэблэр уІуну, зуяхьхьэм дахэу, уи насыпыр изу, узыншагъэр уиІэу, уи пщІэр лъагэрэ уи псэр кьабзэу, щэнфІэу, акъылыфІэу, уи адэ-анэу Болэтрэ Джамилэрэ, укъызыхэкІа лъэпкъыр, кьыбдалъхуахэмрэ уи нэхъыжьхэмрэ уи пщІэмрэ щІыхьымрэ иригушхуэу, адыгэ пщащэм и щапхъэ кьыпхужаІэу куэдрэ Тхъэм уигъэпсэу. Мы гъэм и бадзэуэгъуэм Москва щекІуэкІыну дунейпсо зэпеуэм урагъэблагъэу екъулІэныгъэ лъагэхэр абыи щызыІэрыбгъэхьэну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Щэхур хуабэу яхуз, фызыр щІалэу ягъасэ.

Егъэджэныгъэ Іэнатіэм республикэм зыщеужь

(КІэухыр. Пэщідэдзэр 1-нэ нап.).

«Стіол хъурейм» къыщаІэта псалъэмакъым хиубыдащ волонтёрхэм я Іэкъыгъэм ЩІыбыдэу зыІуусэ гугъуехьхэри. Абы тепсэлъыхьащ ЩІэблэр егъэджэныкІэ, Іэуху епльыкІэ псоми ерэІуа нэужь, зэІущІэм хэтахэм ягъэбелджылащ волонтёр лэжьыгъэр республикэм щефІэкІэуэным, жэрдэмщІакІуэхэмрэ щІалэгъуалэ жыджэрхэмрэ защІэгъэкъэуным теухуауэ щІапхъэр.

«Правительствэм и сыхьэтКІэ» дызэджэ зэІущІэхэм, хабзэ зэрыхъуам тету, дыщытепсэлъыхьащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ди республикэм зэрыщекІуэкІамрэ абы кІэрикІуахэмрэ. Комитетым хэтхэм гу лъыдмытэу къанэркъым КъБР-м щІэзыІ кадет еджапІэхэм я Іуэху зыІутымрэ я зыужьыкІэ хъунымрэ, щІыналъэм я дохутыр Іуэхущ Іапіэхэр медицинэм Іэщ Іагъэлі Іхэмкіэ къыззгъэпэщыным, сабий зэчиифІэхэм ядэІэпыкъуным пыщІа Іуэхуцэм.

Дыщогугъ дызытепсэлъыхьахэм теухуауэ къэтщта чэнджэщцэр зыхуэгъэзахэм къагъэсэбэпыну, егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуцэр ягъэкІуэтэныкмкІэ яхуэщхьэпэну. Псалъэм къыдэкІуэу къыхззгъэщІыну сыхуейт ди комитетым къырихьэжьэ Іуэхуцэр къыдэхъулІэныкмкІэ дэІэпыкъуэгъу къызэрытхуэхъуар хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, гъэсэныгъэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэмрэ спортымрэ пыщІа къэрал Іуэхущ Іапіэхэр.

- Республикэм и щІэблэр зэрырагъаджэм, зэрагъасэм сыт щІэуэ къыхьхьэрэ?

- Куэдкіэ дызыщыгугъэм ящыщу «Зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэр зэрырагъаджэмрэ курыт школым зэрыщрагъаджэмрэ егъэфІэкІуэным хуэунэтІа» программэм и гуэдзэм ипкъ итКІэ федеральнэ, республикэ мыпхум къыхэкІ ахъшэкІэ яублащ «Школ акІуэхэм иджырей мардэхэм ит егъэджэныгъэ Іэмалхэр къахуэзгъэпэщын» Іуэхур. Абы къыззщІеубыдэ сабий 1224-рэ зыщІэхуэн, псыгуэни 2 зыхэт курыт еджапІэ Налшык къалэм щаухуэныжмрэ Шэджэм къалэм ныбжьыщІэ 500 щІэхуэу дащІыхьыну школыщІэмрэ.

КъищынэмыщІауэ, республикэм гулъытэшхуэ щыхуащІ сабий зэчиифІэхэм. Урысей Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэ сабий Іуэхущ Іапіэ «Дыгъафіэ къалэ» академием и къудамэхэр районхэм къыщызэІуах, псоми зэхэту ныбжьыщІэ 5000-м щІигъу къызэщІабыдэфынУ. Иджыблагъэ апхуэдэ зы Тэрч районым иІэ хъуащ, Май районми мыгувэу къыщызэІуахынущ. Абы-хэм мыхьэнэшхуэ яІэщ къыдэкІуэтей щІэблэр егъэджэныкІэ, гъэсэныкІэ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт зи гугъу тщІы «Дыгъафіэ къалэм» ди комитетым и зэІущІэ щедгъэкІуэкІауэ зэрыщытар. Абы щыгъуэ дызытепсэлъыхьахэр щІэзгъэкъуэным теухуауэ щІапхъэр.

«Правительствэм и сыхьэтКІэ» дызэджэ зэІущІэхэм, хабзэ зэрыхъуам тету, дыщытепсэлъыхьащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ди республикэм зэрыщекІуэкІамрэ абы кІэрикІуахэмрэ. Комитетым хэтхэм гу лъыдмытэу къанэркъым КъБР-м щІэзыІ кадет еджапІэхэм я Іуэху зыІутымрэ я зыужьыкІэ хъунымрэ, щІыналъэм я дохутыр Іуэхущ Іапіэхэр медицинэм Іэщ Іагъэлі Іхэмкіэ къыззгъэпэщыным, сабий зэчиифІэхэм ядэІэпыкъуным пыщІа Іуэхуцэм.

- Республикэм и щІэблэр зэрырагъаджэм, зэрагъасэм сыт щІэуэ къыхьхьэрэ?

- Куэдкіэ дызыщыгугъэм ящыщу «Зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэр зэрырагъаджэмрэ курыт школым зэрыщрагъаджэмрэ егъэфІэкІуэным хуэунэтІа» программэм и гуэдзэм ипкъ итКІэ федеральнэ, республикэ мыпхум къыхэкІ ахъшэкІэ яублащ «Школ акІуэхэм иджырей мардэхэм ит егъэджэныгъэ Іэмалхэр къахуэзгъэпэщын» Іуэхур. Абы къыззщІеубыдэ сабий 1224-рэ зыщІэхуэн, псыгуэни 2 зыхэт курыт еджапІэ Налшык къалэм щаухуэныжмрэ Шэджэм къалэм ныбжьыщІэ 500 щІэхуэу дащІыхьыну школыщІэмрэ.

КъищынэмыщІауэ, республикэм гулъытэшхуэ щыхуащІ сабий зэчиифІэхэм. Урысей Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэ сабий Іуэхущ Іапіэ «Дыгъафіэ къалэ» академием и къудамэхэр районхэм къыщызэІуах, псоми зэхэту ныбжьыщІэ 5000-м щІигъу къызэщІабыдэфынУ. Иджыблагъэ апхуэдэ зы Тэрч районым иІэ хъуащ, Май районми мыгувэу къыщызэІуахынущ. Абы-хэм мыхьэнэшхуэ яІэщ къыдэкІуэтей щІэблэр егъэджэныкІэ, гъэсэныкІэ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт зи гугъу тщІы «Дыгъафіэ къалэм» ди комитетым и зэІущІэ щедгъэкІуэкІауэ зэрыщытар. Абы щыгъуэ дызытепсэлъыхьахэр щІэзгъэкъуэным теухуауэ щІапхъэр.

«Правительствэм и сыхьэтКІэ» дызэджэ зэІущІэхэм, хабзэ зэрыхъуам тету, дыщытепсэлъыхьащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ди республикэм зэрыщекІуэкІамрэ абы кІэрикІуахэмрэ. Комитетым хэтхэм гу лъыдмытэу къанэркъым КъБР-м щІэзыІ кадет еджапІэхэм я Іуэху зыІутымрэ я зыужьыкІэ хъунымрэ, щІыналъэм я дохутыр Іуэхущ Іапіэхэр медицинэм Іэщ Іагъэлі Іхэмкіэ къыззгъэпэщыным, сабий зэчиифІэхэм ядэІэпыкъуным пыщІа Іуэхуцэм.

- Депутатхэм я къалэнхэм щыщщ хэхакІуэхэм яхуэзэн зэрыхуейр. Абы теухуауэ сыт жыпІэнт?

- Пэжщ, депутатым и лэжьыгъэм къыгуэхыпІэ имыІэу епхащ хэхакІуэхэм яІущІэныр, епсэлъэныр. ЩІыхуэхэм я гурыгъу-гурыщІэхэм ущымыгъуаззу, республикэм щыпсэуэхэм я псэукІэр нэхъыфІ зэрыхъунум и кІуапІэр пщІэнкъым, хабзэщІэхэр пхуэгъэбелджылынукъым.

Къыхэзгъэщынут депутат псори курыт еджапІэхэм япыщІауэ зэрыщытыр, школакІуэхэмрэ студентхэмрэ щІэх-щІэхэуурэ зэрарохуэзэр. Ди комитетым хэтхэм яІэщ къалэдэсхэми къуажэдэсхэми щахуэзэ зэІущІапІэхэр. ЩІыхуэхэм зэрызыкъыхуагъазэр махуэ хъэс зыпэщІэт гугъуехьхэрщ зытеухуар: хэт хущхьуэ лъапІэ къыщохун хуейщи пэльэщырхъым, хэт и унэр хунэгъэсырхъым, хэти и быныр зэрырагъаджэмкІэ арэзыкъым. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэрекІуэкІым ныкъуасанигъэ хэзылъагъуэхэр, лэжьапІэ зыІутым дех лей къащІытехьэу къэзылъытэхэр е лэжьапІэ лъыхъуэхэр, зи бын сабий гъэсапІэм езыгъэну хуейхэмрэ еджапІэ нэхъыщхьэм щІэзыгъэтІысхьэну зи гугъэхэмрэ, льготэ иратыну къызытехуэхэр - куэд мэхъу щІыхуэхэр зыгъэпІейтейр.

- Светланэ, дызытехьа илъэсыщІэм сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэра гулъытэ нэхъыбэ зыхуэфщІыну фи мурадыр?

- Псом япэу къыхэзгъэщыну сыхуейт «Урысей Федерацэм и щІалэгъуалэмрэ къэралым и щІалэгъуалэ политикэмрэ я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и проектым елэжьын зэрыщІэддзар. Нэгъабэ накъыгъэ мазэм сэ сыхэтауэ щытащ УФ-м и Къэрал Думэм щІалэгъуалэ политикэм теухуауэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм. Шэч хэмылъу, куэд щІат щІалэгъуалэм я Іуэхукмкіэ къэралым пщэрылъ зыщищІыжьыр гбзыхун зэрыхуейр. А лэжьыгъэр ирагъэжьащи, дэри абы жыджэру дыхэтынущ.

КъищынэмыщІауэ, фэ фыщыгъуаззщ 2018 гъэр Волонтёрхэм я илъэсу зэрагъэувар. Абы къыхэкІыу гулъытэ хуэтщІыну ди мурадщ республикэм волонтёр зэщІэхъеенымгъэм зэрызыщедгъэжьынум.

А псом къыдэкІуэу, дэ Іэпэдэгъэлэп тщІынукъым комитетым иригъэкІуэкІ къэпщытэнигъэ лэжьыгъэхэри. Къэпщытэнигъэ-аналитикэ Іуэхуэхэм хэту, ди гугъэщ дыхэпльэну зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэм папщІэ щыІэ гъэсапІэхэм, щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Іуэхущ Іапіэхэм, Іэщ Іагъэ къозыт курыт еджапІэхэр зыІууэ гугъуехьэхэм, зеиншэу къэхъуахэм ЩІалэгъуалэ етыным, зи узыншагъэм сэкъат зиІэ щІыкІуэхэр егъэджэным, нэгъэущ Іуэхугъуэхэри зэрекІуэкІым ди нэІэ тедгъэтыну. Зи гугъу сщІахэр 2018 гъэм ди мурадхэм я зы Іыхьэ къудейуэ аращ, тщІэн хуейр нэхъыбэщ.

Епсэльар **БАТЫР Любэщ.**

ЩІыхуБэ дохутыр Тембот Мухьэмэд

● Дифі догъэлъапІэ

1943 гъэ. И къуэ нэхъыщІэ Назир ліыгъэ хэлъу Хэкум папщІэ и псэр зэриттам теухуауэ ящыІэрыхьа хъыбарым мазитІ-щы ипэкІэ пІэм хиІуліа Каменномост (Къармэхьэблэ) къуажэм щыпсэу Тембот Мэрем и къуэ нэхъыжь Мухьэмэди зэрыхэкІуэдамкІэ «похоронкэ» къыІэрыхьащ. ПІэхэнэ хъуа лІыжьым дуней псор къыпеункІыфІащ. И кхъаблэм щІэувэну зыщыгугъа и къуитІыр иІэжькъым.

МАХУЭ зыбжанэкІэ Мэрем лІыжьыр гуауэм ебэнащ. Арщхьэкіэ адэкіэ псэун хуейт. Къужажм пщІэшхуэ щызиІэ Мырзэкъан Нур-Хьэжьыр къыхуашэну ар лъэІуащ.

- Си дуней ехьжьыгъуэр къэсащ, Нур-Хьэжьы, - къыригъэжьащ абы. - Ар къэмыис щІыкІэ мы зы Іуэхугъуэр згъэтэмэжьыны сыхуейт. Си къэрылъху щІыкІур Псыхуабэ къыщалъхуати, ди нысэр зэфІэзэгъэкІа акушер щІыхубзым «Ермак» цІэр къыщыфІищым дыпэрыуакъым. Иджы си куэтІри щызимыІэжкІэ, абы и адэм и цІэр фІэсщыжмэ, адыгэ хабзэмрэ мусЛъымэн динымрэ къысхуадэну?

- А Іуэхугъуэм хабзэми динми къемызэгъ хэлъкъым, - къитыжащ жэуап Нур-Хьэжьы. - Уи псэм зэрыфІэфым хуэдэу щІы.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ илъэситхукІэ «Ермак» цІэр зезыхьа Темботхэ я щІалэ цІыкІур Мухьэмэд и къуэ Мухьэмэд хуауэ, дэфтэрхэрри абы тету ирагъэхъуэжащ. Мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкІыу, зи гур мащІэу зэгъэжа адэшхуэри дунейм ехьжащ.

ТекІуэныгъэ Иныр къыздрахьар 1945 гъэм зэрыкъэралу яГъэлъапІэрт. Хэт и дежкІи ар гуфІэгъуэт, хэти я хьэдагъэт я Іыхьлыхэм къызэрамыгъэзэжам къыхэхІыу. Мэрэкан Алыхьым къыхуигъэфэщамкІэ арэзы хъуауэ и къуэ закъуэр зыми хуимыгъэныкъуэу зэрипІыним и бгыр хущІикъуэат...

Зы жэщ гуэрым бжэм и къызэІух макъым фызыр къызэщІгъэуащ. Къыдапльеимэ, ягъежа, сэдакъэ зыхуащыжьа и щхьэгъусэр сэлэт фащэр щыгъыу и пащхьэм къитт, орденрэ медалкІэ и бгъэр зэщІэблауэ. Ар пщІыхьапІэу япэ дакъикъэхэм къыщыхъуами, зэрынэхуапІэм напІэзыпІэм къызэщІиІэтат - илІ Тембот Мухьэмэд гуфІэжу и пащхьэм къитт. Фронтым уІэгъэ хьэлъэ щыхъури, госпиталым мазэ кудкІэ щІэлъат. Къыддэзэуахэм ар хэкІуэдауэ щыщхьэри, «похоронкэр» кърагъэхьауэ арат. Апхуэдэ куэд щыІагъэнщ зауэм и гуащІэгъуэ 1943 гъэм.

И адэр къызэрыкІуэжам псом нэхърэ нэхъ щыгуфІыкІыр, дауи, иІэсих ныбжьым ихьа Мухьэмэд цІыкІут. Абы и цІэр аргуэру яхуэужьнуи ягу къэкІыахьакъым - адэжьуэу и фІэфІыныгъэм и фэеплъ къыхуэнащ. Куэд дэмыкІыу и шыпхъу цІыкІури дунейм къытехьащ.

Псалъэм къыдэкІуэу къыхздгъэщынщи, Мухьэмэд къэзылъхуахэр пщІэрэ щІыхьрэ зиІэ цІыхут. И адэр лІыхъужьу зауэм хэтащ икІи абы кІыпэкІуэу орденрэ медалу пщыкІутІ къыхуагъэфэщащ. И анэр япэщІыкІэ егъэджакІуэу я къуажэм щылэжьащ, иужькІэ шхапІэм и унафэщІу щытащ. И гуащІэдэкІ хьэлэлым къыхэкІыу абы къыфІащащ «Урысей Федерацэм затумкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр, ЩІыхьым и орденыр къыхуагъэфэщащ, ВДНХ-м и дыщэ медалыр тІэунейрэ я къратащ.

Тембот Мухьэмэд и къуэ Мухьэмэд къуажэ школыр фы дыдэу яиухри Дон Іус Ростов къалэм дэт Медицинэ къэрал университетым щІэтІысхьащ. Абыи нэхъыфІхэм ящыщ зыуэ щыщытащ. Дохутыр Іэщ Іагъэр зригъэгъуэта иужь, Каменномост къуажэм дэт псом сымаджэщым лэжьэн щригъэжьащ. Занщ Іэуи дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр пщэрылъ щащІащ.

Іэщ Іагъэлі щІалэр и гуи и пси етауэ Іуэхум пэрыхьащ. Къыгурыуэрт сымаджэхэр езырмрэ къыдэлажьэхэмрэ я дэІэпыкъуэгъу зэрыхуэныкъуэр. Апхуэдэу щыт пэтми, Іэщ Іагъэм нэхъ куужу хэщІыкІын хуейти, илъэсиплІ нэхъ дэмыкІыу щеджа университетым и ординатурэм игъэзэжащ. Ари щытхъу пылъу кърихьэлІэри, зыпэрыкІа Іэнатіэм 1970 гъэм пэрыувэжащ.

Зыпэрыт Іэнатіэм фІыуэ хэзыщІыкІ, абы псэхьэлэлу бгъэдэт цІыхуэхэр сыт щыгъуи зэпэубыдащ. Апхуэдэщ Тембот Мухьэмэди. 1975 гъэм ар Налшык къыздрашеящ икІи Вольнэ Аул (Брамтэ) щІыпІэм щыІэ поликлиникэ №2-м и дохутыр нэхъыщхьэу яГъэуваащ. Арщхьэкіэ мазэ нэхъыбэ абы щагъэлэжьакъым. Кьалэм и медицинэ Іэнатіэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэхэм ящыщ зы поликлиникэ №1-м и унафэщІ къуькъур къыхуагъэфэщащ. ПщІэрэ щытхъурэ иІэу ар абы пэрытащ 2001 гъэм пенсэм кІуэху.

Мухьэмэд и шыпхъу Марии республикэм щыцІэрыІуэ дохутырщ. Илъэс зыбжанэкІэ ар Налшык и Перинатальнэ центрым и унафэщІу щытащ. Абы и нэІэ щІэту дунейм къытехьащ лъэпкъым и къэкІуэнур зэпэытэ щІэблэ зэушнэ зыбжанэ. Марие Къэбэрдей-Балъкъарым узыншагъэр зыхумэныкІэ и министрым и къуэдзэу илъэсипщІкІэ лэжьащ, ди республикэмрэ Ингушымрэ щІыхь зиІэ я дохутырщ, нэгъуэщІ дамыгъэ лъапІэ зыбжани иІэщ.

«Къэзлэжьари куэдщ, иджы мащІэу зызгъэпсэхунщ», - жиІащхьэкІэ, Іуэхум зыри къикІакъым. Щалъхуа, и лэжьыгъэ Іэнатіэм япэу щыпэрыува Каменномост къуажэм къикІри лІыжь гуп къыхуэкІуащ. Ахэр лъэІуэрт я жылэжьым дэт районым сымаджэщым игъэзэжьну. ПщІэрэ щхьэрэ зиІэ гупыр Мухьэмэд хуэгъэщІэхъуакъым.

Къытитіу зэтет Дзэлыкъуэ район сымаджэщым гъэузыпІэ 75-рэ щыгъэуват. Зи узыншагъэр къэтІэсхьа дэтхэнэ зыми абы дэІэпыкъуэгъу нэс щигъуэтырт, операцэ хьэлъэхэри щащІыфырт. Арщхьэкіэ илъэс зыбжанэ ипэкІэ ди республикэм и медицинэм щекІуэкІа зэхъуэжьныгъэхэм и зэран екІащ Каменномост дэт район сымаджэщым - ар Дзэлыкъуэхуажэ ягъэІэпхъуащ икІи къуажэм амбулаторэ хыдаиуэ аращ, махуэм щеІэзэ фІэкІа мыхъуу. Абы щыгъуэми Каменномост уикІыу Дзэлыкъуэхуажэ нэс километр щІ ныкъуэ дэлъщ, Чыщалъхъэр Хьэбэзэрэ я сымаджэхэм нэхъ гъуэгуанэ кІыхьыж зэпач.

Апхуэдэу щыт пэтми, Тембот Мухьэмэд зи унафэщІу щыта иджы хирургыгъ здэщІэ амбулаторэм район сымаджэщым къыщІэнахэр зэрихъумэным ящхьэ итщ. Къапщтэмэ, мыбы дохутыр 14 иджныпсу щолажьэ, терапевт, педиатр, акушер, хирург, рентгенолог, УЗИ зыщІэхэр яхэту.

Сымаджэхэм, Іыхьлыхэм, благъэхэм я закъуэкъым Мухьэмэд зыхуэгумащІэр, дэІэпыкъуэгъу зыхуэхъур. Абыдалторэми, еджапІэми, нэгъуэщІ щІыпІэхэми щыІэ хьэ хьэулейкэм игу щІогъури, зы махуэ къэмынэу шхын яхуэпэ. Модрейхэми ар къыззралъагъуу я кІапэр ягъэкІэрахъуэу кІыпожажьэ.

- Куэд, щІакъым ди унэр зэрахъунщІэрэ, - жиІащ Мухьэмэд. - ИгъащІэ лъандэрэ зыхуэтхъэса мылъкум хэпщІыкІыу хагъэщІащ. Ауэ абы нэхърэ куэдкІэ нэхъ сигу кьуэращ, щэхуу дыгъуэфын папщІэ щІэпхъэджащІэхэм унэм дэлъ хьэр зэрагъэлІар. Зи бзэр мыпсалъэ псэущхьэ хейм апхуэдэ лей епх хъурэ?

Лейзехьэхэр, щІэпхъэджащІэхэр щымыІамэ, адрейхэм я фІагъым хуэфэщэн пщІэ хуэдмыщІыфынкІи хъунт.

Илъэс куэд щІауэ Тембот Мухьэмэд «Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъу пэжщ. Лъэпкъ газетыр щхьэусыгъуэ гуэркІэ къыщІыхуамыхьа махуэр абы кІуэдауэ ебж. ФІэхьэлэмэтщ зыпэрыт Іэнатіэм, адыгэ тхыдэм, хамэ щІыпІэхэм щыпсэу ди къэушхэм, щэнхабзэм ехьэлІауэ къытеддэз тхыгъэхэр икІи ахэр гупсэхуу щІеджыкІ.

Цыхум и узыншагъэр хъумэным и гъащІэр триуухуащ Тембот Мухьэмэд. Нобэ, мазаем и 6-м, абы и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу. А лъэхъэнэм щыщу лІэщІыгъуэ ныкъуэм щІигъуауэ дохутыр Іэщ Іагъэм иролажьэ. Иджыри и Іэнатіэм пэрытщ, жащи махуи кьэхуэныкъуэхэм къагъуэту, апхуэдэхэм сэбэп яхуэхъуу. Езыми хуэдэщэн пщІэ къэралми цІыхуми я деж щыгъуэтащ. Псом хуэмыдэу ар ирогушхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ дохутыр къызэрыфІащам.

- Ди республикэм зэрыхъэзрий ин къыщыхъуа 1991 гъэм и бжьыхьэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым къыщыдатыжауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ дохутыр» цІэ лъапІэр къыззрытфІащадкІэ тхыгъэ бгъэхэлъурэ. Хьэлэмэтраци, апхуэдэ пщІэ зыхуащІауэ республикэм цІыхуипІ дису аращ - Мечкаев Азрэт, ХьэцІыкІу Борис, Прохладнэ щыщ зи цІэр сІэщІэгъупщыкІыжа зы урыс дохутыр, сэ. ИужькІэ а щІыхьыцІэр Іуахыжауэ, щытащ.

КъищынэмыщІауэ, Тембот Мухьэмэд «За трудовую доблесть» медалыр иІэщ, СССР-м узыншагъэр зыхэмэныкмкІэ и отличникщ, министерствэ, ведомствэ зыбжанэм я щытхъу, щІыхь тхыльхэр бжыгъэнщэщ. Узыншэу иджыри илъэс куэдкІэ и Іэнатіэ угъурлым Тхьэм пэригъэт!

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Зэпеуэхэр

ЩІыхь тхыльхэмрэ удз гъэгъахэмрэ



Ди къэралым и щыхьэр Москва иджыблагъэ щекІуэкІащ «Школ шхапІэ нэхъыфІ-2017» урысейпсо зэпеуэм и кІэух Іыхьэр. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэм екъулІэныгъэхэр къыщахьащ.

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, «Школ шхапІэ нэхъыфІ» урысейпсо зэпеуэр къэралым щокІуэкІ илъэс зыбжанэ хъуауэ. Абы и кьызэгъэпэщакІуэщ Урысейпсо педагогикэ зэхуэсыр, Технологиемрэ управленэмкІэ Москва дэт къэрал университетыр. Іуэхур диныгъщ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм.

Иужьрей зэпеуэм хэтащ къэралым и еджапІэ 90-м щІигъу, щІыналъэ 35-м - Ямалым къыщыщІэдзауэ Кърымым нэс - къикІауэ. ЩІынальэхэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэхэм пашэ щыхъуахэм яхэту, Москва кІуауэ ди республикэм и Іуащхьэмахуэ районым хыхьэ Тырныауз къалэм дэт гимназие №25-м и лІыкІуэкэр. А еджапІэм и шхапІэм щекІуэк зэпеуэм ещанэ уэрПІэр къыщихьащ.

Гимназием и пщафІэ, бгъэдэль Іэзэгъымкіэ 5-нэ разряд зиІэ Саракаевэ Назилэ итмкІэ республикэпсо Іыхьэм щытекІуат. Аращ пашэ щыхьэр Москва щекІуэкІа зэхьэзэхуэм и «ПщафІэ нэхъыфІ» унэтІыныгъэми.

«Школ шхапІэ нэхъыфІ-2017» урысейпсо зэпеуэм къыхэжаныкІа курыт еджапІэм и унафэщІ Моллаевэ ФатІимэрэ, абы и лэжьакІуэу «ПщафІэ нэхъыфІ» цІэ лъапІэр зыхуагъэфэща Саракаевэ Назилэрэ зэпеуэм и щІыхь тхыльхэр, саугъэтэхр хуагъэфэщащ. Апхуэдэу текІуэхэр щагъэльэпІащ ди республикэмкІи. Абыхэм ираташ зэпеуэм и щІыналъэ къэпщытакІуэ гупым къыбгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхыльхэр, удз гъэгъа Іэрамэхэр.

ТАМБИЙ Линэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Іэщ гъэхъуным зыщегъэужьыным теухуауэ илъэсищкІэ щагъэлэжьа программэр лъэныкъуэ куэдкІэ сэбэп яхуэхъуащ Шэджэм щІыналъэм и Іэщыхъуэхэм.

КъАПЩТЭМЭ, фермер лэжьыгъэр зыбулагъащІэу цІыку 60-м, унагъуэ фермэ зиІэ 50-м мелуан 74-м щІигъу гранту ираташ, сом мелуан 46-м нэблагъэр фермер Іуэхум хьыбагъащІэхэм, сом мелуан 27-м щІигъур - Іэщ зезыхуэ унагъуэхэм.

Къэралыр къаззрыдэІэпыкъум и фІыгъэкІэ, цІыхуи 100-м нэблагъэ лэжьыгъэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ къызэгъэпэща хъуащ, Іэщ бжыгъэр ягъэбзэгъащ. Ар къагъэлъагъуэ мыпхуэдэ бжыгъэхэми: районым СХПК-уэ иджыпсту 9, макъумэш-фермер Іэнатіэм 72-рэ, унагъуэхэм ейуэ мин 13-м щІигъу щолажьэ. Мы зэманым ирихьэлІэу абыхэм Іэщ Іэвыщ Іэу мин 29-м нэс зэрагъэпэщащ. Абыхэм ящыщу мин 15-м нэблагъэр жэм хъашщ. Куэдым мэлымрэ, бжэныгъэ зратыжащ. Абыхэм я бжыгъэри мин 33-м фІэкІащ. ЩІынальэм и АПК-р 2018 гъэм фІыкІэ щогугъ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Шэджэм щІыналъэ

Іэщыхъуэхэр бэлэрыгъыркъым

Щэбэт кІуам «Трек» рестораным щекІуэкІащ хьэгъуэлІыгъуэ гъэщІэгъуэн. Унагъуэ яухуащ Налшык щыщ щІалэ Молэ Русланрэ Китай къралыгъуэм и Ухань къалэм щыщ Дуань Ци китай пащащэ цІыкІумрэ. А тІур зэрызэхуэгуапэр пльэгъуа иужь, лъагъуныгъэм лъэпкъ зэхэгъэж зэримыІэр наІуэ пщохьу. Китай лъэпкъ фащэри европей щыгъынри чэзуэу зыщыгъа хьыджэбзым тІури екІуэсырт, езыр нэфІэгуфІэ цІыкІутри, мы гуфІэгъуэм хэта хьэщІэхэр кхихьэхуат. Ахэр ди редактор нэхъыщхьэ Хьэфіыці Мухьэмэд деж дыгъуасэ къеблэгъати, псэльэгъу тщІащ.

- ИлЪЭС кІуам и мэлыжьыкъ мазэм дыззхуэзащ Кики (аращ пащащэм цІэлеиуэ фІэтщар) сэрэ, - жеІэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щыпсэлъэн Іэзэгъымкіэ Іэнатіэхэм ядэлэжьымкІэ и комиссэм и секретарь Тепеевэ Іэсият и къуэ Молэ Руслан. - ЛІэжьапІэ дыздэуэвыну дыздэкІуа Іуэхущ Іапіэм щекІуэкІ тимбилдинІым дыщцІэзхуэзащ. Я унэ щІэсу сабийхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным хузгъэпса школ куэд дыдэ а къалэм дэтщ. Мис абыхэм я лІыкІуэхэр зыхэт, я нэгу зрагъэужьын, нэхъ гъунэгъуэ зэрыщІыхьэн папщІэ щІэхщІэхьыгъэ кьызэрагъэпэщ зэхьхьэшхуэщ дыщцІэрихьэлІар. ТІури гупым дахьыжьаІэт, зэгурыІуэныгъэм Іэ щІаддзауэ, ауэ иджыри ди Іэнатіэм дыпэрымыхьауэ. Арати, зы школми дыщцІэжьэну, зэгъунэгъуэри дыпсэууэ къыщІэкІащ, дызззхуэзэу, дызэпсальэу хуежьащ. Иджыпсту сэ инджылызБзэм сабийхэр хузогъаджэ, Кики щылажьэ Іэхущ Іапіэм и кьалэн нэхъыщхьэр хамэ хэрадгъэхэм щыпсэу егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ я скайп зэпыщІэныгъэр къыззгъэпэщынырщ, ахэр унэтІыныщ. Си щхьэгъусэр щылажьэ къудамэм и унафэщІ хуащ, щэхууи жжесІэнщи, улахуэ мыІей иІэщ.

«Дауэ укІуа хъуат Китайм?« - жысІэу Руслан сыщеупщІкІэ, мэдыхьэшхри: «Сылэжьэну», - жеІэ. И ныбжьэгъу щІалэ щыІат абы. Ящэу накІуэ къыщыжриІам игъэщІэгъуат, хуэмеІуи кьилъыат. АрщхьэкІэ инджылызыбзэр зэрыщагъэлъэпІэр, абыкІэ егъэджакІуэхэм улахуэ хъарзынэ зэрыратыр къыщищІэм, тегушхуэри гъуэгу техьауэ арат. Иджы хузбгъэфащэ зэрыхъунмкІэ, и насып зыхэлъыр абы къыщигъуэтын зэрыхуейм иришэжьауэ арагъэнт.

Псыхуабэ къалэм дэт Лингвистикэ университетыр кьиурэ, илъэситІкІэ и щхьэ хуэлэжьащ Руслан, нэхъыбэ компьютеркІэ лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэр ищІэу. Ар, зэрыгурыІуэгъуэщи, и щІэныгъэм хуэфэщэн Іэнатіэтэхъыми, зэрыпсэуфын ахъшэ къызэрилэжьынум щІалэ кІэщІущыр (ар езым и зыІыгъыкІыми и псэльэкІэми къеГъэлъагъуэ) егупсысын хуейт. Университетым щызэригъэгъуэта Іэщ Іагъэр инджылызыбзэмкІэ егъэджэныр армырами, мыІейуэ ар зэрищІэр сэбэп къыхуэхъуащ.

Я псэупІэ нэхъыщхьэ хуну къэралым сыщыщІэупщІэм:

- Зэкіэ дыщцІпсэунури дыщцІэжьэнури ШриЛанкащ, - жиІащ Руслан. - Бын диІэ хъумэ, илъэс ныкъуэ мыбыкІэ дыщцІэм адрей зэманым Китаймрэ дыщцІпсэууэрэ бззхэр зарегъэщІэнум яужь дитыну ди мурадщ. Пэжыр жыпІэмэ, си бынхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэмэ нэхъ къэсщтэнущ, абыи сыхущІэкъэнущ. Ауэ, баштекъуэз хэмылъу, хуэм-хуэмурэ абы си щхьэгъусэр зэрезгъэувэлІэнум яужь ситынущ.

Руслан жеІэ китайкэм я щэнхабзэм, хабзэм адыгэхэм ейм къытехуэ куэд зэрыхэлъыр. «ІэпэкІэ къешэкІын хуейкъым. Нэхъыжьым хуэщІын хуей пщІэми, нэхъыщІэр зыкъыдэхьэхыпхъэми хещІыкІ, зыгуэркІэ сечэнджэщыну зэрыщІэздзэу, мэдыхьэшри, «ди дежкІи апхуэдэущ» къыжеІэ».

Зэрынэрылъагъущи, лъагъуныгъэм и бзэр зыщ. Насып, гуфІэгъуэ, дэрэжэгъуэ абыхэм яІэну, щапхъэ зытрах унагъуэ дахэ хъуну ди гуапэщ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Ди хьэщІэхэр

Лъагъуныгъэм и бзэр

Дуань Цирэ Молэ Русланрэ.

ЩІэсу сабийхэм щІэныгъэ егъэгъуэтыным хузгъэпса школ куэд дыдэ а къалэм дэтщ. Мис абыхэм я лІыкІуэхэр зыхэт, я нэгу зрагъэужьын, нэхъ гъунэгъуэ зэрыщІыхьэн папщІэ щІэхщІэхьыгъэ кьызэрагъэпэщ зэхьхьэшхуэщ дыщцІэрихьэлІар. ТІури гупым дахьыжьаІэт, зэгурыІуэныгъэм Іэ щІаддзауэ, ауэ иджыри ди Іэнатіэм дыпэрымыхьауэ. Арати, зы школми дыщцІэжьэну, зэгъунэгъуэри дыпсэууэ къыщІэкІащ, дызззхуэзэу, дызэпсальэу хуежьащ. Иджыпсту сэ инджылызБзэм сабийхэр хузогъаджэ, Кики щылажьэ Іэхущ Іапіэм и кьалэн нэхъыщхьэр хамэ хэрадгъэхэм щыпсэу егъэджакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ я скайп зэпыщІэныгъэр къыззгъэпэщынырщ, ахэр унэтІыныщ. Си щхьэгъусэр щылажьэ къудамэм и унафэщІ хуащ, щэхууи жжесІэнщи, улахуэ мыІей иІэщ.

«Дауэ укІуа хъуат Китайм?« - жысІэу Руслан сыщеупщІкІэ, мэдыхьэшхри: «

● Лъэпкъ Іуэху

«Адыгэ хабзэр» Истамбыл нэсащ

Тхакіуэ, щІэныгъэлІ МафІэдз Сэрэбий и «Адыгэ хабзэ» тхыльыр илъэс блэкІахэм бзэ зыбжанэкІэ къызэрыдэкІыжам цІыху куэд щыгуфІыкІащ. Ар къагъэщІэрэщІэжри, адыгэбзэкІэ дунейм къытехьащ, иужькІэ, урысыбзэм щІэпэІуэхэр зэрыкуэдым къыхэкІыу, абыкІи ягъэхьэзыращ. Къанокъуэ Викторие зи унафэщІ тхылъ тедзапІэ унэм и проектым нэхъри зригъэубгъуащ - Тыркум щыпсэу ди лъэпкъыгуэхэр къэлаІуэри, «Адыгэ хабзэр» тыркубзэкІи зэрадзэкІащ.

ДУНЕЙМ къытехьа тхылъыщІэр дахэу утыку къыщыдгъхащ Истамбыл. Кокасинан щэнхабзэ центрым щызэхуэсат Тыркум щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм я ЛыкІуэхэр, Хасэ тхъэмадзэхэр, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэхэр, егъэджакІуэхэр, зи лъэпкъым и къэкІуэнум ириплейтей цІыхубзэр. Ахэр щыгуфІыкІащ адыгэм и гъащІэм мыхьэнэшхуэ щызыубыдащ адыгэ хабзэмрэ абы къызэщІиубыдэ кьаленхэмрэ щызэхуэхьэса тхылъыр иджы тыркубзэкІэ я деж зэрынэсам. АдыгэбзэкІэ къемыджэфми, анэдэлхубзэм ирипсалъэр щыкуэдащ Тыркум. Пшыхьым къекІуэлІа нэхъыжьхэмри щІалагъуалэми къыхагъэщащ ар къызэрыдэкІам мыхьэнэшхуэ зэриІэр, адыгэм и дуней тетыкІэм, и цІыху хэтыкІэм, хьэщІагъэ ехыкІэм, пщІэ хэущІыкІэм, захуагъэр, пэжыгъэр, укІытэр, гулъытэр, нэхъыжьыр гъэлъэпІэныр, бзыльхугъэр лъытэныр, сабийм хуэсакъыныр псом ялэ зэрыраГъэщым, нэгъуэщІхэми къыдэкІуэтей щІэблэр хуаущинымкІэ сэбэпышхуэ зэрыхъунур.

Пшыхьыр къыщыхэзІуахым ялэу утыкур хуит хуащІащ Тыркум щылажьэ Кавказ хасэхэм я федерацэм и тхъэмадэ **ХьэгъундокъуэЯшар**. Абы фІыщІэ яхуищІащ хэкІэхэм я лъэпкъ хъугъэуфІыгъэхэр яхъумэжьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщІу тхылъыр къыдэгъэкІыным жэрдэмщІакІуэ хуэхъуахэмрэ елэжьахэмрэ. ИкІи къыхигъащІа адыгэхэм нобэ яІэ хъуа зэхэтыкІэр къыщежьэр я нэхъыжьхэм ябгъэдэлъа ежьлымрэ Іущагъымрэу зэрыщытыр.

- ЦІыху зэгурыІуэхэм, лъэпкъ зэхэтыкІэм хуэгъэпсауэ аращ адыгэ хабзэр. Я насыпщ зи лъэпкъ хабзэр блэкІа зэманыжьым и щІэину зезыхьэхэм, ар ирагъэфІакІуэурэ къэгъуэгурыкІуэхэм. Дэ а Іэхуэгъуэм дыхущІокъу икІи нахъжьыжьэм ди лъэпкъ къызэолъытэ хабзэр щІэблэм ябгъэдэлъхьэнкІи. Аращ дэ хамэ лъэпкъхэм дахэмышыпсыхьыжьымкІэ, нэгъуэщІхэм я хабзэ дытемыхьэжьымкІэ щІэгъэкъэуэныщхуэу диІэри, дывгъэхъумэ!

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ Къбзэрдей-Балъкъэрыбзэм Къэрэшей-Шэрджэсымрэ икІа хьэщІэхэри.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэхэм я советым и тхъэмадэ, Урысейм и адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэ автономием и унафэщІ **Уэхъутэ Александр** сымэ кІыщІисалъэм жаІащ тхылъыр бзэ нэхъыбзкІэ къыдэкІыху сэбэпынагъ нэхъыбэ къызэрихьынур, къэрал 50-м щІигъум щикъухьа адыгэхэр абы зэрыхуэныкъуэр.

Къанокъуэ Викторие псалъэ щратым къыхигъащащ лъэпкъым и хъугъуэфІыгъэ нэхъыщхьэу пльытэ хъуну хабзэхэр щызэхуэхьэса тхылъыр пІалъэ-пІалъэкІэрэ къыдгъэкІыжьым зэрыхуейр.

- Адыгэ щІэныгъэлІ гъуэзэджэ, хабзэм и зэхуэхьэсакІуэ МафІэдз Сэрэбий и тхылъыр лъэпкъым дежкІэ лъапІэщ, - жиІащ Викторие.- Дэтхэнэ цІыхури къэкІуэнум хуэпльэу мэпсэу. Дэри абы дегупсысуэрэ ди щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр тхъумэн, кьыдэкІуэтей ныбжьыщІэхэм я щІэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ ар и лъабжьэу нэхъри едгъэфІэкІуэн хуейщ. Псори щІэтщІэр лакъуэм зыльыгъыщІэ щІэблэр зэрыларр къэплъытэмэ, тхылъыр сыт щыгъуи гъащІэм и гъуэгуГъэлъапІэуэу кьоклуэкІ. Абы ипкъ иткІэ, гуфІэгъуэми, гузэвгъуэми епха дауэдащІэхэр, псэукІэм ехьэлІа хэкІыпІэхэр, дуней тетыкІэ екІур щызэхуэхьэса адыгэ хабзэхэр зэрыт тхылъыр дэтхэнэ унагъуэми щІэлъын хуейуэ къызэолъытэ. Абы и мыхьэнэм и инагъыр къэфІлъытэу, тыркубзэкІэ зэвдзэкІыну жэрдэм зэрыфщІам къыгъэлъагъуэ фи лъэпкъ зэхэщІыкІыр зэрымыкІуэдар, хамэхэм фахэсми, фи адыгэгур зэрыфхъумар. ФІыщІэ хуэсщІыну сыхуейщ щІэныгъэ лжьыбгъэу плъытэ хъуну МафІэдзым и тхылъыр тыркубзэм къизыгъэзэгъа Емуэ Баязит. Тхылъыр Іэмал хъарзынэщ фи хэкум, лъэпкъым, бзэм, хабзэм пэІэщІэ фымыхъунымкІэ. «Адыгэ щэнгъасэращ хабзэм и купщІэ нэхъыщхьэр. Си гъащІэ псом и диссертацэу жыпІэ хъунущ мы тхылъыр», - жиІэт тхакІуэм, апхуэдизу къару хилъхьэу елэжьати. Фэри а лъапІэныгъэхэр ффІэмыкІуэдыну Тхьэм жиІэ!

Емуэ Баязит жиІащ тхылъым иужь итахэр тыншу зэрызэдалэжьар, я лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэр яхъумэжьныкІэ сэбэпышхуэ зэрыхъунур.

Пшыхьыр къыщыхэзІуахым ялэу утыкур хуит хуащІащ Тыркум щылажьэ Кавказ хасэхэм я федерацэм и тхъэмадэ **ХьэгъундокъуэЯшар**. Абы фІыщІэ яхуищІащ хэкІэхэм я лъэпкъ хъугъуэфІыгъэхэр яхъумэжьным хэлъхьэныгъэ хуэзыщІу тхылъыр къыдэгъэкІыным жэрдэмщІакІуэ хуэхъуахэмрэ елэжьахэмрэ. ИкІи къыхигъащІа адыгэхэм нобэ яІэ хъуа зэхэтыкІэр къыщежьэр я нэхъыжьхэм ябгъэдэлъа ежьлымрэ Іущагъымрэу зэрыщытыр.

- ЦІыху зэгурыІуэхэм, лъэпкъ зэхэтыкІэм хуэгъэпсауэ аращ адыгэ хабзэр. Я насыпщ зи лъэпкъ хабзэр блэкІа зэманыжьым и щІэину зезыхьэхэм, ар ирагъэфІакІуэурэ къэгъуэгурыкІуэхэм. Дэ а Іэхуэгъуэм дыхущІокъу икІи нахъжьыжьэм ди лъэпкъ къызэолъытэ хабзэр щІэблэм ябгъэдэлъхьэнкІи. Аращ дэ хамэ лъэпкъхэм дахэмышыпсыхьыжьымкІэ, нэгъуэщІхэм я хабзэ дытемыхьэжьымкІэ щІэгъэкъэуэныщхуэу диІэри, дывгъэхъумэ!

ЗэІущІэм къыщыпсэлъащ Къбзэрдей-Балъкъэрыбзэм Къэрэшей-Шэрджэсымрэ икІа хьэщІэхэри.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и лъэпкъхэм я зэгухьэныгъэхэм я советым и тхъэмадэ, Урысейм и адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэ автономием и унафэщІ **Уэхъутэ Александр** сымэ кІыщІисалъэм жаІащ тхылъыр бзэ нэхъыбзкІэ къыдэкІыху сэбэпынагъ нэхъыбэ къызэрихьынур, къэрал 50-м щІигъум щикъухьа адыгэхэр абы зэрыхуэныкъуэр.

Къанокъуэ Викторие псалъэ щратым къыхигъащащ лъэпкъым и хъугъуэфІыгъэ нэхъыщхьэу плъытэ хъуну хабзэхэр щызэхуэхьэса тхылъыр пІалъэ-пІалъэкІэрэ къыдгъэкІыжьым зэрыхуейр.

- Адыгэ щІэныгъэлІ гъуэзэджэ, хабзэм и зэхуэхьэсакІуэ МафІэдз Сэрэбий и тхылъыр лъэпкъым дежкІэ лъапІэщ, - жиІащ Викторие.- Дэтхэнэ цІыхури къэкІуэнум хуэпльэу мэпсэу. Дэри абы дегупсысуэрэ ди щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр тхъумэн, кьыдэкІуэтей ныбжьыщІэхэм я щІэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ ар и лъабжьэу нэхъри едгъэфІэкІуэн хуейщ. Псори щІэтщІэр лакъуэм зыльыгъыщІэ щІэблэр зэрыларр къэплъытэмэ, тхылъыр сыт щыгъуи гъащІэм и гъуэгуГъэлъапІэуэу кьоклуэкІ. Абы ипкъ иткІэ, гуфІэгъуэми, гузэвгъуэми епха дауэдащІэхэр, псэукІэм ехьэлІа хэкІыпІэхэр, дуней тетыкІэ екІур щызэхуэхьэса адыгэ хабзэхэр зэрыт тхылъыр дэтхэнэ унагъуэми щІэлъын хуейуэ къызэолъытэ. Абы и мыхьэнэм и инагъыр къэфІлъытэу, тыркубзэкІэ зэвдзэкІыну жэрдэм зэрыфщІам къыгъэлъагъуэ фи лъэпкъ зэхэщІыкІыр зэрымыкІуэдар, хамэхэм фахэсми, фи адыгэгур зэрыфхъумар. ФІыщІэ хуэсщІыну сыхуейщ щІэныгъэ лжьыбгъэу плъытэ хъуну МафІэдзым и тхылъыр тыркубзэм къизыгъэзэгъа Емуэ Баязит. Тхылъыр Іэмал хъарзынэщ фи хэкум, лъэпкъым, бзэм, хабзэм пэІэщІэ фымыхъунымкІэ. «Адыгэ щэнгъасэращ хабзэм и купщІэ нэхъыщхьэр. Си гъащІэ псом и диссертацэу жыпІэ хъунущ мы тхылъыр», - жиІэт тхакІуэм, апхуэдизу къару хилъхьэу елэжьати. Фэри а лъапІэныгъэхэр ффІэмыкІуэдыну Тхьэм жиІэ!

Емуэ Баязит жиІащ тхылъым иужь итахэр тыншу зэрызэдалэжьар, я лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэр яхъумэжьныкІэ сэбэпышхуэ зэрыхъунур.

Пшыхьыр къыщыхэзІуахым ялэу утыкур хуит хуащІащ Тыркум щылажьэ Кавказ хасэхэм я федерацэм и тхъэмадэ **ХьэгъундокъуэЯшар**. Абы фІыщІэ яхуищІащ хэкІэхэм я лъэпкъ хъугъуэфІыгъу

Усэр уэсу къощэщэх

● Пшыхьхэр

ЩІымахуэ хадэм жыгэр щызэфэгъущ, ЩІымахуэ жьгъыр хуейкъым уэршэрэгъу, Нэбэнэршэу уэсым щІэбэуклыкІыр, Жыг къуэпсым тхьэмпэ гулъыр хъыщІыкІыр.

Уэрэзей Афлик.

ЩІышылэн и 30-м Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым «Жан» литературэ хасэм и усэ пшыхьхэм я зи чэзу, «ЩІымахуэ» зэхыхьэр щекІуэкІащ.

СЫТ ЩІыГъУИ хуэдэу, къызэгъэпэщащІуэхэм пшыхьыр щІэщыгъуэгъкІэ ягъэнщІын яхузэфІэкІащ. Абыхэм къраГъэблэгъат Цей Ибрэхьим и цІэр зезыхьэ Адыгэ театрым и артистка пажэ Нэхей Маржанэ. Пасэрей хабзэм тетуи хьэщІэм кІахэ къафэжькІэ пежьащ.

Профсоюзхэм я щэнхабзэ уардэунэм и режиссёр Гумэ Маринэ зэІущІэр къызэІуиха иужькІэ къызэхуэсахэм ар нэхъ гъунэгъу яригъэщІыхуащ. Адыгэ Іэхум хуэжьыджэр Маржанэ и зэІэкІыр ди театреплъхэм мызэ-мытІэу ялъэгъуащ. Ар хэту иужьрейуэ Налшык щагъэлъэгъуауэ щытащ режиссёр Іэзэ, Адыгейм гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ ЕмкІуж Андзор игъэува «ЛъыщІэж» спектаклыр. Абы Маржанэ нысэм и ролыр щигъэзэщІащ.

Артисткэр къызэхуэсахэм къахуеджащ Къуиикъуэ Налбий и поэмэм щыщ пычыгъуэ. ЩІымахуэ жэщ кІыхьхэм пасэм зэхэс дахэхэр ящІу зэрыщытам, апхуэдэ зэхыхьэхэм я мыхьэнэм, щІымахуэм цІыкІу хэм зэрызытрагъэууэ щыта джэгуакІэ лІэужьыгъуэхэм кІэщІу я гугъу ящІащ пшыхьыр езыгъэкІуэкІахэм.

- Мазаем и 25 - 26-хэм щІымахуэ шылэр ихуныу къалъытэ, абы яужь пІатІрэжуэм щІедзэ. ПІатІрэжуэр шылэм ефыгъуэу, жиІэу ялутэр мыращі: «Си лъэхъуамбэшхуэр шылэм и лъэпхъуамбэ жьакІэр зэрытым итатэмэ, хьэ лъэмакъыр шы лъэмакъыу згъэІунти, шы лъэмакъыр лъэмакъыщэу згъэІунт». Ара пэтми, шылэм и кум деж къыщыщІэдзауэ уэсыр пхъашэ мэхъу, мылым кхъурбыщыгъэ къещтэ. Абы щхьэкІэ нэхъапэм: «Шылэм и кумылэм мылым утемыхьэ», - жаІэу щытащ. Мазаер икІамэ, апхуэдэ щІыІэ щыІэжьынукъым. Къэхъунущ бжэндэхъу уаери, къесынущ ныуэжь уэсри, шыц уэсым зыкъызэщІищІэнри хэхакъым, ауэ ахэр гъатхэ нэщэнэу къалъытэрт. Фи нэ фІыкІэ илъагъу, ари напІэдзхъеирыуэм къэсынщ, - захуиГъэзащ Дзэгъащтэ Азэмэт къызэхуэсахэм.

АдэкІэ утыкур хуит хуащІащ 2017 гъэм и кІэхэм ирагъэкІуэкІа «Адыгэ пщащэ» республикэпсо зэпеуэм хэта ныбжьыщІэ цІыкІуэхэм. УсакІуэ, журналист, «Жан» литературэ клубым и унафэщІ Гугъуэт Заремэ и щІымахуэ усэхэм къахуеджащ пшыхьым кърихьэлІахэм.

Кэнжь дэт ЩэнхабзэмкІэ унэм и лэжьакІуэ КъанкъулИслъам, пшынауэ Іэзэ Тхьэлыджокъуэ Сюзаннэ сымэ гум хьихьэу щІымахуэм и щІыІагъымрэ, уэсмычым и махагъымрэ зыхьуагъащІэу ди тхакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэм къеджащ.

Зэхьихьэм и кІэухьиу Нэхей Маржанэ иджыри зэ утыкум къраГъэблэгъэжри иджы къэбзэрдей диалектымкІэ Къаныкъуэ Заринэ и усэ зыбжанэ игъэІуащ.

Тхьэлыджокъуэ Сюзаннэ игъэзэщІа пшыналъэ дахэмкІэ зэхуащІыжащ хэти нысащІэм, хэти бжьэхуцым, хэти мырамысапхъэм ираГъэщхь щІымахуэм и дежкІэ лъэхъуэщІэр траЛъкъуэ тезырыр щІипшын щІы-пІэщ. Уеблэмэ языныкъуэхэм къащохъу лажьэ имыІэу яГъэкъуэнщауэ.

- ЛъэхъуэщІым ихуа иужь, тутнакъхэм диныр къыщащтэ къохьу.

- Абыхэм ящыщ куэдым я дежкІэ диныр гугъуехьхэм къезыгъэл Іэмал мэхъу. Япэ -щІыкІэ цІыхум и гур фІокІуэд, ищІэркъым къыщыщІам зэреувэлІэну щІыкІэр. Зым и дежкІи щэкуэкъым тутнакъхэм езыхэм я хабзэ зэрагъэжьр, лъэхъуэщІым ихуэжр зи унафэ щІэжу зэрыщыІэр. Араущ, цІыху махэр ираудыхыпэнкІи хъунущ. НэхъапэкІэ апхуэдэхэм я дежкІэ хэкІыпІи гугъапІи щыІэтэкъым. Иджы диныр ядоІэпыкъу. Псалъэм и хьэтыркІэ, ислъамыр кІиштамэ, ар апхуэдэ зыныгъ нэгъуэщІхэм я къуэш мэхъу.

Язныкъуэхэм апхуэдэ Іэмалыр кьагъэсбэп кІудейщ захъумэжьи папщІэ. АрщхьэкІэ яхэтщ диным и гъуэгум быдэу теувэжэри. Зы дини щыІэкъым цІыху яукІыну, дыгъуэну, нэгъуэщІ къуаншагъэ ялъэжьыну къыхуриджэу. Мис араш къэралым ар лъэхъущхэм щІынигъэсар. Сэ си къалэныр дин зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэхэм садэІэпыкъунырщ суд зытращІыхьахэм гъунэгъу яхуэхъунымкІэ.

- Уигу къинэжа щапхъэ щыІэ?

- Лъэхъуэщхэм ящыщ зым исащ тхуэнейрэ суд зытращІыхьа. Абы хуэм-хуэмурэ диныи зриташ, хуит хьужа иужь Тырныауэ кІуэри, члисэм лэжьэн щыщІидзащ, унагъуэ зэригъэпэщащ, иджыпсту и Іуэхуэхэр тэмэмщ. Дин лэжьакІуэр и гъусэу щІэхщІэхьыурэ лъэхъуэщым макІуэ, суд зытращІыхьахэм йопсалъэ. Абы жеІэ, цІыхур сыт хуэдизрэ лъэпэрэпами, Тхьэр апхуэдэм зэрыдзІэпыкъур икІи а Іэмалыр къэгъэсэбэпын зэрыхуэфІ. Гува-щІэхами дэ догупсыс гъащІэм щыщ Іыхьэфі къызэрызэдэкІам. ДыззэпльэкІыжмэ, фІы тщІауэ къытхуэщІэжъкІыбжьэм адэкІэ дыззэрпсэунымрэ къытпэплъэмрэ дэращ зэлъытыжар. А псалъэхэм куэд йодалуэ икІи дин Іуэхущапіэхэм кІуэн щІадзэ.

- КъызэрыщІэкІымкІэ, диным и мыхьэнэр къыпхуэмылъытэн хуэдизу инщ икІи ар щхьэхуит хьужа цІыхум и дежкІэ щІэгъэкъуэнышхуэщ.

- Дауи. Ди насыпщ, суд зытращІыхьахэр я Іыхьлыхэм, благъэхэм, нобжьэгъуэхм ялымыщІауэ къыщынэр зэззмызэхэщ. АрщхьэкІэ, Урысейм и щІыналъэ яныныкъуэхэм цІыхур и закъуэ дыдэу къыщонэ - Іыхьлыи, уяи, лэжьыгъи имыІэжу. Мис апхуэдэхэм диныр ядоІэпыкъу щхьэхуит хьужа нэужь гъащІэм хэзгъэжьнымкІэ.

- ДляэкІэ фи мурадхэм я гугъу къытхуэщІыт.

- Хабзэ тКІийм тету цІыхухэр щаІыгъ лъэхъуэщым мэжджыт щІедгъэщІащ, члисэр ухуэныр и кІэм щынэщІагъэсэ. Лажьэр ешы тутнакъэрщ. ПсэуалъапхъэмкІэ къыддэІэпыкъащ Мусльыемэнхэм я ди Іуэхущапіэмрэ Православнэ члисэмрэ, цІыху щхьэхуэхэр, ди лъэхъуэщхэм я лэжьакІуэхэр. КъыхэзгъэщхьэхуКІыну сыхуейт, дин зэмыщхь зыІыгъэхэр мыпхуэдэ ІуэхуэхэмкІэ зэрызэдэІэпыкъур.

- Къыдэхъуліэрэ?

- КъыдохьулІэ. Зыри умыщІэмэ, зыри къохъулІэнукъым. МурадыфІхэм Іуэхуэфіхэм ухуашэ. Апхуэдэ дыдэу дадэлжьэнущ яГъэтІысахэм фадэмрэ наркотикымрэ ятхьэхъуауэ яхэтхэми.

Епсэлъар
ЗЭБАР Мадинэщ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

Динымрэ тутнакъхэмрэ

ЩІхьэхуимыт хъуа цІыхум и гъащІэр гугъущ, язныкъуэхэм дежи дзэумыхьыну хьэлъэщ. Псом хуэмыщэу щІэпхъаджащІэхэм ялэу къахэхутахэм икІи абыхэм жэщми махуэми ядекІуэкІын хуейхэм я дежкІэ. Ахэр зыІууэр нэмысыншагъэщ, динынщагъэщ, зым адрейм дзыхь хуимыщІынымрэ зэпэщІэтынымрэщ. Апхуэдэхэр гъащІэм и мыхьэнэм егупсысынымкІэ къалэнышхуэ ягъэзащІэ диным и лэжьакІуэхэм. Абы техуауэ депсэлъащ Урысейм и ФСИН-м и Іуэхущапіэу КъБР-м щыІэм и унафэщІым диныр зи фІэщ хуэхэм ядэлэжьэныр къызэгъэпэщынымкІэ и дзІэпыкъуэгъу Болэ Айвар.

Болэ Айвар

- КъБР-м щыІухэр щхьэхуимыту щаІыгъ Іуэхущапіэхэм тхьэлъэІупІэу сыт хуэдизу щыІэ?

- Шэджэм районым и Каменкэ къуажэм щыІэ ИК-1 ФКУ-м члисэрэ мэжджытрэ щолажьэ ильэс ильэбжанэ хъуауэ. Республикэм и адрей апхуэдэ щІыпІэхэм тхьэлъэІупІэ пэшхэр щыІэщ. Ахэр псори тху мэхъу. Урыс православнэ члисэм, КъБР-м и Мусльыманэхэм я дин Іуэхущапіэм, «Налшык къалэм и бгыріе-журт» дин зэгухьэныгъэм етщІыпІа зэгурыІуэныгъэхэм ябгъ иткІэ ди лъэхъуэщхэм егъэбыдыпІащ дин лэжьакІуэхэр. Ахэр суд зытращІыхьахэм я деж макІуэ, гъэсэныгъэ, ущие лэжьыгъэ драгъэкІуэкІ, ядоІэпыкъу. Уеблэмэ ерыскъыхэкІхэр, щыгъынхэр хуэхъ. Хьэуэ, тутнакъэр ерыскъыхэкІкІэ, нэгъуэщІхэмкІэ гугъу ехьу аракъым - абы и ІэныкъуэкІэ я Іуэху Іейкъым. Ахэр псом ящэ зыхуейр гулъытэщ: ящІэну хуейщ жылагъуэм и щІыб къазэрыхуимыгъэзар, къаГъэззэку ахэр гъуэгу тэмэм зэрытеувэжыфынур.

- Зыкъом щІащ диныр лъэхъущхэм зэрынэсрэ. А лэжьыгъэм кърикІуам утепсэлъыхь хъунущ ящІэжьынщ.

- ЩІэн хэлъкъым фІы къызэрящІэм. ЦІыхур гъуэгу тэмэм тебгъэуэжьын папщІэ абы къыгурыІуэжьын хуейщ щІэпхъаджагъэ зэрилэжьар икІи ар гуэныхъышхуэу зэрыщытыр. Тутнакъыр щхьэхуимыту зэрыпІыгъ, зэрыбгъэлажьэ къудейм цІыхум и хьэлыр иригъэхъуэжьркъым, хэбгъэзыхьмэ, нэхъри зэІеГъэхьэ. ИщІам хущІемыгъуэжа щІэпхъаджащІэм и дежкІэ хуабжьу гугъуэ гъуэгу тэмэм теувэжыныр. Диныр зи фІэщ мыхъу цІыхум и дежкІэ лъэхъущхэр траЛъкъуэ тезырыр щІипшын щІы-пІэщ. Уеблэмэ язныкъуэхэм къащохъу лажьэ имыІэу ягъэкъуэнщауэ.

- Лъэхъущхэм ихуа иужь, тутнакъхэм диныр къыщащтэ къохьу.

- Абыхэм ящыщ куэдым я дежкІэ диныр гугъуехьхэм къезыгъэл Іэмал мэхъу. Япэ -щІыкІэ цІыхум и гур фІокІуэд, ищІэркъым къыщыщІам зэреувэлІэну щІыкІэр. Зым и дежкІи щэкуэкъым тутнакъхэм езыхэм я хабзэ зэрагъэжьр, лъэхъуэщхэм ихуэжр зи унафэ щІэжу зэрыщыІэр. Араущ, цІыху махэр ираудыхыпэнкІи хъунущ. НэхъапэкІэ апхуэдэхэм я дежкІэ хэкІыпІи гугъапІи щыІэтэкъым. Иджы диныр ядоІэпыкъу. Псалъэм и хьэтыркІэ, ислъамыр кІиштамэ, ар апхуэдэ зыныгъ нэгъуэщІхэм я къуэш мэхъу.

Язныкъуэхэм апхуэдэ Іэмалыр кьагъэсбэп кІудейщ захъумэжьи папщІэ. АрщхьэкІэ яхэтщ диным и гъуэгум быдэу теувэжэри. Зы дини щыІэкъым цІыху яуеувэжауэ. Псоми зэрытщІэщи, Кавказым щыІэ гугъуехь нэхъыщхьэр къызэхэкІыр дин егъэлеиныгъэрщ. А гъуэгум техьаХэм ящыщ ди тутнакъхэм кьаХэкІмэ, ахэр ислъамым и гъуэгу тэмэмым тедгъэувэжыну яужь дитщ. Ди къалэн нэхъыщхьэр - ахэр экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэлэщІэ тщІыныращ.

- Къыдэхъуліэрэ?

- КъыдохьулІэ. Зыри умыщІэмэ, зыри къохъулІэнукъым. МурадыфІхэм Іуэхуэфіхэм ухуашэ. Апхуэдэ дыдэу дадэлжьэнущ ягъэтІысахэм фадэмрэ наркотикымрэ ятхьэхъуауэ яхэтхэми.

Епсэлъар
ЗЭБАР Мадинэщ.

● Футбол

Бжьыпэр зэдаІыгъ

Ди республикэм футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатыр иухыныж джэгуГъуэплІ къэнжажъэ аращ. Абы щыгъуэми зы ІуэхуГъуи иджыри къэс зэхэкІакъым.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и дыщэ медалхэм щІэбзэн команд-дищри джэгуГъуэ блэкІам текІуауэ икІи бжьыпэр зэдаІыгъ. Къэнжажъэми абыхэм хэщІыныгъэ яІэну фІэщыщІыгъуейщ. Апхуэдэу къэхуМэ, школакІуэхэм чемпионыгъэр яІэрыхьэнущ, зы джэгуГъуэкІэ нэхъ мащІэ зэрыгаГъэкІуэкІар къэплъытэмэ. АрщхьэкІэ зэхьэзэхуэхэм я кІэуэхэм узыпэмыплІа куэд къыщыхъу щыІэщ икІи псоми уиухуэзэшуру щытыпхъэщ. Къэпщтэмэ, дызыхуэкІуэ джэгуГъуэм «Автозапчасть»-р Іущ Іэнуд иужьрей зэІущІитІым щытекІуэу зи Іуэхуэхэр езыГъэфІэкІуэжа республикэм и нэгъабэрей щІымахуэ чемпион Къэхьун и «КъБК»-м, «Школ №31-ГорИС-179»-р пэщІэтын хуейщ мы зэхьэзэхуэм и гъуащхьауэ нэхъыфІ Шащі э Беслъэн зи пашэ «Спарта-Малка»-м. Абыхэм кьарикІуэнур хуабжьу къэщІэгъуейщ.

Пасэу зэхьэзэхуэм хэкІыжа Налшык и «Звезда»-м етІуанэу гъусэ хуэхъунури зэкІэ наІуэкъым. ЗэкІэ апхуэдэ шынагъуэ къащхьэщытщ командэ зытхухуым икІи кІэух зэІущІэхэр нэхъ зэщІэкъуауэ езыгъэкІуэкІхэм я насып къикІынураш.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и щІымахуэ чемпионатым и зи чэзу джэгуГъуэм кърикІуа бжьыгъэхэм: **«Школ №31-ГорИС-179»** (Налшык) - **«Ансар»** (Налшык) - **6:1**, **«Къулъкъужьын-КъБКъУ»** (Налшык) - **«Спартак-Налшык-д»** (Налшык) - **0:3**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Астемыр»** (Налшык) - **1:0**, **«Мурбек»** (Налшык) - **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **3:0**, **«Союз-Сэрмакъ»** (Налшык) - **«КъБКъМУ»** (Налшык) - **5:1**, **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) - **«Керт»** (Къохъун) - **2:3**, **«Спартак-Налшык-н»** (Налшык) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **2:0**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2017/2018 гъэхэм я щІымахуэ чемпионатыр зэрекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	11	8	2	1	16-6	26
2. «Школ №31-ГорИс-179»	10	8	0	2	21-7	24
3. «Спартак-Налшык-д»	11	7	3	1	22-6	24
4. «Спарта-Малка»	10	5	4	1	10-3	19
5. «Мурбек»	10	5	3	2	15-9	18
6. «Союз-Сэрмакъ»	10	5	1	4	19-9	16
7. «КъБКъМУ»	10	5	0	5	20-23	15
8. «Спартак-Налшык-н»	10	4	1	5	10-13	13
9. «Шагъдий»	11	3	3	5	15-16	12
10. «Къулъкъужьын-КъБКъУ»	10	3	2	5	14-15	11
11. «Керт»	10	3	1	6	12-17	10
12. «Ансар»	10	2	4	4	11-23	10
13. «Велес»	10	2	1	7	10-17	7
14. «Астемыр»	10	1	3	6	12-20	6
15. «ЛогоВАЗ»	11	1	2	8	7-29	5

● Іэпщэрыбанэ

Беслъэней Нурмухьэмэд и текІуэныгъэ

Кстовэ къалэм дэт Спортымкіэ дунейпсо олимп академием и алэрыбгъум щекІуэкІащ дзэ журналист Ягодин Анатолий и фэепльу Урысейм и Лъэпкъ гвардием и федеральнэ къулыкъум Іэпщэрыбанэмкіэ и XXI чемпионат.

ЗЭІУЩІИТХУМ щытекІуа Беслъэней Нурмухьэмэд финалым нэсащ. Зи хьэлъаГъэр килограмм 80-м нэблагъэхэм я гупым и кІэух зэпэщІэтыныгъэм и япэ секунди 10-м кьриубыдэу абы и хьэрхуэрэгъур нокауткІэ кьриудащ икІи Урысейм и Лъэпкъ гвардием хьихьэ дзэхэм я чемпион хъуащ.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, Беслъэней Нурмухьэмэд Іэпщэрыбанэмкіэ щэнейрэ дунейпсо чемпионщ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● КъБР-м щыІэ МВД-м

Къэралым къыщалъыхъуэрт

2018 гъэм щІышылэн и 21-м Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и ДПС-м и батальон щхьэхуэм и лэжьакІуэхэм Горькэм и цІэр зезыхьэ уэра- мым къалэныр щрахьэкІыу къагъэуВыІащ «Лада-Гранта» автомашинэр.

ШОФЁРЫМ и дэфтэрхэр къыщапщытэм, къыщІагъэщащ ильэс 28-рэ зи ныбжь налшыкдэсыр къэралым къызэрыщалъыхъуэр, УФ-м и Уголовнэ кодексым и 159-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэр (гъэпцІагъэ) илэжьауэ щэч хуащІу.

ЦІыхухъур яубыдри, Налшык къалэ УМВД-м пІалъэкІэ щалыгъ и изоляторым яшащ. Ар къэзылъыхъуэ Урысей ФСИН-м и управленэу Краснодар крайм щыІэм Іэрагъэхьэным теухуа унафэ ящІ.

Ахъшэ нэпцІ ищІырт

Налшык транспорт прокуратурэм хабзэм къытІасэу къилъытащ Урысей МВД-м транспортым щиІэ и Налшык линейнэ къудамэм и Следственнэ гупым ильэс 48-рэ зи ныбжь налшыкдэсым ехьэлІа уголовнэ Іуэху къэІэтыным теухуауэ къищта унафэр.

ЦІЫХУХЪУМ щэч хуащІ УФ-м и УК-м и 186-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэр (Урысей Федерацэм и Банк Нэхъыщхьэм билет нэпцІхэр гъэхьэзырын икІи игъэкІын) илэжьауэ.

Следствэм зэриубзыхуамкІэ 2018 гъэм щІышылэн и 19-м Налшык гупым гъэгу станцым дэж ящІышыкдзэ П. иригъэкъутэныр и щхьэусыгъэу зыгуэрым ахъшэ нэпцІ сом мин иритащ. Езыр къыщащым сом минурэ щы иджыри къыкъуахащ. ЩІалэм зэрыщысжащ ар езым зэрищІамкІэ.

Налшык транспорт прокурор Жэмыхъуэ Руслан жиІащ уголовнэ Іуэхур зэрызэхэзгъэкІым и нэІэ зэрытетыр.

ГъэпцІакІуэм зеумысыж

2017 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм зыхуигъэзащ ильэс 33-рэ зи ныбжь, мы щІыпІэм щыпсэу цІыхухъум.

АБЫ зэрыжиІамкІэ, 2017 гъэм фокІадэм ВАЗ-21120 и автомашинэр фІыуэ имыцІыку цІыхухъум ирищащ, ахъшэр жэпуэгъуэм къритыжьну зэгурыІуэри. АрщхьэкІэ, абы зигъэпщкІуащ икІи, иужькІэ къызэрыщІагъэщамкІэ, автомашинэр ищэну хунэсащ. УМВД-м и лэжьакІуэхэм щэч хуащІу яубыдащ ильэс 20 хъу, нэхъапэми мызэ-мытІэу суд зытращІыхьа, Малкэ къуажэм щыщ щІалэр. Ар къэралым къыщалъыхъуэрт нэгъуэщІ щІэпхъаджагъэ, УФ-м и Уголовнэ кодексым и 159-нэ статьям къыщыгъэлъэгъуар (гъэпцІагъэ), илэжьауэ щэч хуащІу.

ЩІалэщІэм илэжьамкІэ зиумысыжащ. Уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущапіэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэнан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыдж Замирэ, ХьэжьыкъаР Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэ.**



Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущапіэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узынщагъэр хъумэныкІэ, экологиемрэ спортымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-89; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэдэтьщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъаз эм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкі Соня,** *редактору* **Жыласа Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмат** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дзІэныкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютеркіэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бецто Оксанэ,** *суэрэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.117 ● Заказ №103